दिन–सोम दिनांक–02.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार दू हजार आठ सय सत्रह करोड़ टाकाक लागतिबला डिजिटल कृषि मिशन के मंजूरी देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता मे केन्द्रीय मंत्रिमंडलक बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसकक बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे एहि निर्णय सँ कृषि क्षेत्रक दक्षता बढ़त आ नव तकनीक के समाहित कयल जा सकत। श्री वैष्णव जनौलनि जे केन्द्रीय मंत्रिमंडल खाद्य आ पोषण सुरक्षाक लेल तीन हजार नओ सय उनासी करोड़ टाकाक लागतिबला योजना के मंजूरी देलक अछि। सरकार दू हजार दू सय एकानवे करोड़ टाकाक लागति सँ कृषि शिक्षा आ प्रबंधन के मजगूत करबाक सेहो निर्णय लेलक अछि। मंत्रिमंडलक बैसक मे एक हजार सात सय दू करोड़ टाकाक लागति सँ पशुधन स्वास्थ्य आ हुनक जनसंख्या बढ़ेबाक योजना के सेहो स्वीकृति देल गेल। एकर अतिरिक्त आठ सय साठि करोड़ टाकाक लागति सँ बागवानीक सतत विकास कार्यक्रम के अनुमति देल गेल। एक हजार दू सय दू करोड़ टाकाक लागति सँ कृषि विज्ञान केन्द्र आ एक हजार एक सय पंद्रह करोड़ टाकाक लागति प्राकृतिक संसाधन प्रबंधन के सेहो मजगूत करबाक निर्णय लेल गेल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे पार्टीक सदस्यता अभियानक प्रारंभ कयलनि। पार्टी मुख्यालय मे श्री मोदी भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा सँ अपन सदस्यताक नवीनीकरण प्रमाण पत्र प्राप्त करताह। ई अभियान नव सदस्य बनायब आ पार्टीक मौजूदा सदस्य सभक नवीनीकरण पर ध्यान केन्द्रित करत। दस नवंबर धरि चलयबला एहि अभियानक पहिल चरण पच्चीस सितंबर कऽ संपन्न होयत। हमर संवाददाता जनौलनि जे भाजपाक चुनावबला राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेश सभ के छोड़ि कऽ पूरा देश मे अपन सदस्यता अभियानक हिस्साक रूप मे कम–सँ–कम दस करोड़ नव सदस्य बनेबाक लक्ष्य अछि।

---

एम्हर, प्रदेश भाजपा काल्हि सँ सदस्यता अभियान प्रारंभ करत। एहि अभियानक अंतर्गत राज्य मे एक करोड़ चौवन लाख सँ बेसी सदस्य बनेबाक लक्ष्य अछि। प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे सदस्यता अभियान मात्र सदस्य बनेबाक लेल नहि अपितु जन–जन धरि पहुँचबाक अभियान अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ औरंगाबाद, डिहरी आ सासाराम मे शहरी क्षेत्र मे पेयजल आपूर्ति योजनाक कार्यारंभ कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि। जल संसाधन विभागक दिस सँ डिहरी एनीकट लऽग ई कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, श्रम संसाधन मंत्री संतोष कुमार सिंह, भवन निर्माण मंत्री जयंत राज आ लघु जल संसाधन मंत्री संतोष कुमार सुमन सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————————

सतलुज जल विद्युत निगम लिमिटेड, एसजेवीएन के केन्द्र सरकार नवरत्नक दर्जा देलक अछि। एसजीवीएन चौसाक अध्यक्ष आ प्रबंध निदेशक सुशील शर्मा ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे कंपनीक छत्तीस वर्षक यात्रा मे ई एक महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार ऊवर्रक सँ जुड़ल समस्याक समाधानक लेल हेल्पलाईन नंबर जारी कयलक अछि। किसान ऊवर्रक सँ संबंधित कोनो प्रकारक समस्या या शिकायत होयबा पर टेलीफोन नंबर– शून्य छओ एक दू दू दू तीन तीन पांच पांच पांच पर भोर दस बजे सँ सांझ छओ बजे धरि संपर्क कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री दारोगा प्रसाद राय के एक सय दूयम जयंती पर आइ हुनका भावसिक्त श्रद्धांजलि देल गेल। पटना मे आयोजित समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य दारोगा प्रसाद रायक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

मॉनसूनक कमजोर होयबाक कारणे राज्य मे वर्षाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्य मे एक दू स्थान पर हल्का सँ मध्यम वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। पश्चिम चंपारणक रामनगर मे सभ सँ बेसी चौवालीस सेटीमीटर वर्षा दर्ज भेल।

———————————————————————

सुपौलक जदिया थाना क्षेत्र अंतर्गत कोरियापट्टी लऽग एक तेज गतिक मोटरसाईकिल अनियंत्रित भऽकऽ पुलक रेलिंग सँ टकरा गेला सँ मोटरसाईकिल सवार दू युवकक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

समाप्त